АССАЛАМУ ГӀАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№28 (9916)
РУЗМАН
17 июль 2020 сон
26 ЗУЛЬ-КЬАГИДА 1441 СОН

Шамил районалъул газета | Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватӀибе уна моцӀида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

# ГӀаммаб мурадалъ цолъизарурал



**«Шамил районалъул гӀолилал» жамгӀияб цолъиялъ, цоцазе пайдаял пикраби рикьизе, иргадулаб нухалъ данде ракӀарана ракьцоял гӀолохъаби. 12 июлалъ МахӀачхъалаялда гьез гӀуцӀун букӀана, бичӀчӀикьеялъул ва маданияб кьучӀалда гӀуцӀараб, гӀатӀидаб данделъи. Гьенир гӀахьаллъизе ахӀун рукӀана нилъерго районцоял-машгьурал спортсменал, исламияб гӀелмуялъул церехъаби, гӀолилазе гӀакъилал насихӀатал гьаризе къадруял ракьцоял. Тадбиралда гӀахьаллъана Дагъистаналъул муфтияталъул нухмалъудаса вакилзабиги. ГӀолилазул ва жиндирго рахъал-даса данделъиялде рачӀина-лъухъ баркалаги загьир гьабун, байбихьудаго кӀалъазе вахъана ДРМОО «Шамил районалъул гӀолилал» жамгӀияб цолъиялъул нухмалъулев, МухӀамад Мирзаев. Халкъалъе машгьурал исла-малъул, спорталъул, жамгӀиял ва хӀукуматалъул вакилзаби гӀахьал-лъиялъ гӀолилал жеги гьункулин ва лъикӀал ишазде гьезулъ гьира цӀикӀкӀунин абуна Мирзаевас.**

ЛъикӀаб тартибгун данделъи нухда бачана МахӀачхъала шагьаралъул Собраниялъул депутат МухӀамад МухӀамадовас.

-Гьаб данделъиялъ тасдикъ гьабулеб буго нужеца гьудуллъи, цоцалъ вацлъи цӀунулеб букӀин. ГӀадамазда гьоркьор гьуинго рукӀин-гьеб тӀалаб гьабула исламалъги,- ян абуна гьенив кӀалъалаго, Дагъистаналъул муфтиясул кумекчи, Идрис Асадулаевас.

ЧӀахӀиязул гӀакъилал насихӀатал гӀадахъ росани, гӀолилазул гӀумруяшавги берцинлъулин, гьел мурадалдеги щолин абуна, МахӀачхъалаялъул Ленинский районалъул бетӀерасул заместитель, Шамил ГӀалиевас.

РухӀияб лъай ва бичӀчӀикьеялъе, гӀолилал цоцалъ гъункизариялъе росабазул имамзабаз гьабулеб хӀаракатчилъиялъул бицана Муфтияталъул вакил Израил МухӀамадбасировас ва районалъул имам ГӀабдула ГӀумарчиевас.

Пандемиялъул захӀмалъиги тӀаса ун, гьеб баракатаб данделъи тӀобитӀиялъе рес кьуралъухъ БетӀергьанасе щукру гьабуна жиндирго кӀалъаялъул байбихьуда, Муфтияталъул вакил, гьенибго бугеб лъай камил гьабиялъул бутӀаялъул нухмалъулев (руководитель курсов повышения кадров Муфтията РД), гӀалимчи Сиражудин АхӀмадовас: -Аллагьасдаса хӀинкъулеллъун, щукру гьабулеллъун рукӀа, гӀолохъаби, нуж. Нужерго гӀумру лъукъулеб нухде кке-чӀого рукӀиналъе квербакъула лъи-кӀал тӀахьал гӀемер цӀалиялъ, сахал, рацӀцӀадал, хӀалалаб гӀамалалъул гӀадамазулгун гьудуллъиялъулаб гьор-кьоблъи цӀуниялъ. Гьелда тӀадчӀей гьабе нужеца. Бергьенлъаби росула жидеда цебе лъураб мурадалде хӀинкъи-кӀвахӀ гьечӀого унел спортсменаз. Спорталъулъ, гӀелмуялъулъ цебетӀей бугезул мисалада цӀи-цӀиял гӀелазулъ куцала лъикӀал ишазде гьира-шавкъ.

Спортсменазул рахъалдаса кӀалъазе вахъарав, эркенаб гугариялъул тренер, МухӀамад Дибировас баркала загьир гьабуна жалго гьеб тадбиралде ахӀиялъухъ. Гьединал, гӀолилал гьункизарулел, ракӀжубарал тадбиразда хадурккунги гӀахьаллъизе жидер гьираги бижанин абуна гьес.

Кидаго гӀадин, тадбиралъул ахиралда ДРМОО «Шамил районалъул гӀолилал» жамгӀияб цолъиялъ тӀобитӀана жидерго хӀалтӀул хӀасилал гьарулеб, хадубккун хӀисабалде босаразул бицунеб данделъи. ГӀолилазул цевехъан МухӀамад Мирзаевас нухда бачунеб гьеб данделъиялда гӀахьаллъана районалъул киналго росабазул гӀолилазул кураторал.

@molodezh.shamilskiy
**П. ИБРАГЬИМОВА**

■ ДАНДЕЛЪИ

## ЦӀадуда данде рагъ бай!

**8 июлалда райадминистрациялда данде бакӀарун букӀана нагагьал балагьазда данде къеркьеялъул комиссия. Цере лъурал суалалги рехсон, гьеб нухда бачана районалъул бетӀерасул заместитель ва нагагьал балагьазул комиссиялъул нухмалъулесул заместитель ГӀабдуразакъ Рамазановас.**

Данделъиялда гӀахьаллъи гьабуна районалъул росдал магӀишаталъул отделалъул нухмалъулев ГьитӀино МахӀачевас, ОМВДялъул нухмалъулев ШагӀбан Къурбановас, РЭСалъул нухмалъулев Ибрагьим Ибрагьимовас, хӀукуматалъул цӀадул надзоралъул инспектор МухӀамад ХӀамзатовас, ЦРБялъул бетӀерав тохтур Ибрагьим Халиловас ва ГО ЧС ЕДДСалъул нухмалъулев З.Рамазановас.



(Ахир 2-леб гьум.)

■ ШАПАКЪАТАЛ

## «Инсан» фондалъул нухмалъулесе къиматаб шапакъат

**«Инсан» фондалъул хӀакъалъулъ рагӀичӀевги, къо ккедал, гьелъул кумек щвечӀевги Дагъистаналда ватиларо. Дагъистан тун къватӀибеги гьелъул баракатаб квер гӀемераб щвана. Хасго исана, киназего захӀмалъараб пандемиялъул заманалъ, «Инсан» фондалъ кӀудияб кверчӀвай гьабуна мискиназе, херазе, бачӀунеб букӀараб харж къотӀарал хъизамазе. Нилъер районалдаги, Дагъистаналда ва тӀолго Россиялдаго гӀадин гӀемерлъана кумек гьабизе бокьаразул къокъа. ГӀемерисез Инсаналъулгун бухьен гьабуна, гьезул роцӀараб, хӀажат ккаралъуб гьабулеб хӀалтӀуда щаклъи гьечӀолъиялъ.**

Россиялдаго тӀибитӀараб #МыВместе акциялда гӀахьаллъун, «Инсан» фондалъ гьабураб кӀудияб хӀалтӀиялъухъ Россиялъул Президент В.В. Путинил къиматаб шапакъат щвана фондалъул нухмалъулев МухӀамадрасул АхӀмадовасе. Гьесие тасдикъ гьабуна «Долг и честь» абураб медаль. М.АхӀмадовасухъе медальгун грамота кьезе мустахӀикълъана ветераназул гӀуцӀиялъул Администрациялъул Президиумалъул член, цӀикӀкӀарал чагӀазул гӀуцӀиялъул нухмалъулесул ишал тӀуралев ГӀабдулмутӀалиб ХӀамзатов. Гьеб тадбир тӀобитӀана 8 июналъ, жамгӀиял



хӀалтӀухъабазул къоялъ. -ТӀолго Россиялъул жамагӀаталъе кумек гьабулеб, Северияб Кавказалда бищун кӀудияб фонд ккола «Инсан» ва дун цӀакъ вохарав вуго, дир квералдасан МухӀаммадрасул АхӀмадовасе шапакъат щвеялдаса. Дагъистаниязул кӀудияб баркала буго нужее, - ян кӀалъана Г. ХӀамзатов.

М. АхӀмадовас жиндир иргаялда баркала загьир гьабуна къиматаб шапакъаталъе мустахӀикъаблъун жидер фонд бихьизабуралщиназе. Жидеда бугеб жамагӀаталъул божилъи хвезе биччаларедухъ, жеги лъикӀ хӀалтӀизе хӀаракат бахъизе бугоян тӀадеги жубана гьес.

**ГӀ.НУРМУХӀАМАДОВА**

■ ХАСАБ ПИКРУ

# ЖамгIиял гьиназул сабабги заралги

**Нилъер гIумрудул хасаб бокIон ккураллъун руго жакъа жамгIиял гьинал. Дунялалдаго миллионал гIадамал данделъараб «годекIаниб» цере лъола кIвар бугел масъалаби. Гьанир ракIарула рохалил ва пашманлъиялъул харбал, инсаниятальул гIузраби ва гьезда тIад хIалтIиялъул тадбирал. КIудияб балагьалъул гIайиб ккарасдаса суравги босула гьанибго. Кинавго чи цойидасанго вахъуна лъай бугев мугIалимлъун, кьварарав диванчилъун, махщел цIикIкIарав тохтурлъун. РагIабазул хIабургъиялъ тахбакIазухъ балагьичIого гъоркье-тIаде ккола чангояв.**

Дагъистанияздаса цIикIкIун жамгIиял гьиназдаса «пайда» босулел кирниги ратиларо. Ихдал багъараараб коронавирусалъул заманалда, гьадингоги малъкъосиялда рукIарал гIадамазул тIубанго гIакълу сверизабун букIана. ГIадамазул рахIатхвей загьирлъулеб букIана жамгIиял гьиназдаса. Гьелъул сабагьабурасдаса тIаса босуларо хIакъикъиял гурел баяназул жавабчилъиги.

Коронавирус унти лъугIиялде дандего тIаде бачIана 11 класс лъугIарал ЕГЭ кьезе кколел лъималазул эбел-инсул «унтиги». Араб 4 экзаменалда, ЕГЭ тIобитIиялъул халгьабулезда, федералиялгун регионалиял жамхIалтIи гьабунгутIилъун.

Жакъа школа лъугIаразул тIубан гIакълу гIолеб батиларо жамгIиял гьиназда жидеца лъолел гьерсил баяназул жавабчилъиялъул. ГIемерисезда лъалеб гьечIо ЕГЭялъул тартиб. Лъималазе баян гьабун батулеб гьечIо экзаменалда жидер ихтияр хвезабурал ялъуни тартиб хвезабураб хIужжа батани, гьенибго аппелляция кьезе бегьулеблъи.

ЖамгIиял гьиназда гьерсил баянал лъолел чи руго «хIабургъараб лъарахъ» хасаб рекIелгъей балагьулел. Холеб буго жавабиял идарабазда божилъи. Гьеб ахIуда сверухъ ракIарулел руго жамагIаталъул тIадкIалъаял. Найил къалида мал кIутIиялъ




балдалъун Дагъистаналде бачIана къваригIараб къадаралда медициналъул алат, дару-хер, цIуна-къаялъул сурсатал. Жакъа гьеб унтиялде данде къеркьей нилъерго къуваталдалъун кIвезе букIинчIеблъиги якъинлъун буго.

«РФялъул ФЗ-59» абураб къануналда рекъон, СМИялда бахъараб бокьараб хитIабалъул тIалаб гьабизе тIадаб буго прокуратураялда. Гьелдаго цадахъ гьеб хитIабгIиял халгьабулезда, интернеталдаса халгьабулезда Шамил районалда цониги гIунгутIи батичIо. Амма жакъад къоялги нилъер район «багIараб» зонаялда буго. Гьелъие гIиллалъун буго цIакъго таваккалал эбел-инсуца ва лъималаз экзамен лъугIун хадуса «бухIарал» линиязде хитIабал гьари. Гьеб рикIкIине ккола школазул нухмалъулез ва тарбия кьеялъул жавабияз улбулгун зарал нилъеего кколеб буго.

ЛъугIила экзаменал, Инша Аллагь, нилъер лъимал тIаса бищараб ВУЗалда цIалун рахъина бищун лъикIал нухмалъулеллъун, тохтурзабилъун, махщелчагIилъун. ХутIарабщинаб, хIабургъараб гIор гIадин, чваххун ина гIодобе. Цоцазе рогьо баялдаса гьеб тIадегIанаб буго.

Д.ДАВУДОВ

■ ДАНДЕЛЪИ

# ЦIадуда данде рагъ бай!



(Байбихьи 1-себ гьум.)

Дагъистаналдаго рагIизабун буго цIадуда данде рагъ баялъул низам. Гьелда рекъон, рохьазда ялъуни бакъвараб хер бугел авлахъазда цIа рекIинаби рикIкIуна режим хвезабилъун ва гьеб хвезабуразе бихьизабун буго административияб тамихI. Гьеб кинабгокьучIдеги босун,рохьал цIадудаса цIуниялъе нухмалъулезда цере ругел масъалабазул ва гьаризе тIадал тадбиразул бицана ГIабдуразакъ Рамазановас. ЦIадул балагьалъул хIинкъи бугеб заманалда, гьелъие сабаблъун кколел тадбираздаса цIунизе ккола районалъул росаби. Рищни-къул, бакъвараб хер ва цогидабги цIа ккеялъе сабаблъун лъугьине бегьулебщиналда цIа рекIинаби гьукъиялда хурхараб хIалтIи районалда гьабиялде кIвар цIикIкIинабизе кколеблъи баян гьабуна гьес.

Росдал магIишаталъул отделалъул нухмалъулев Гь. МахIачевас ва ОМВДялъул нухмалъулев Ш.Къурбановас бицана росабазул бегавулзабигун цIадул балагьаздаса жамагIаталъул магIишат, рохьал цIуниялъе гьарулел тадбиразул.

РЭСалъул нухмалъулев И. Ибрагьимовасул рагIабазда рекъон, токалъул кваразе квал-квал бугел гъутIби, заз – хъарахъ ва гьеб гуреб цогидаб щиб бугониги тIагIинабиялда гьабулеб буго жеги кIудияб кIвар, цIа ккеялъул хIинкъи букIиналъ.

Бищун кIудияб тIоцебесеб кумек, къварилъи ккаралъуб, щола жамагIаталъул. Гьебги хIисабалде босун, росдал бегавулзабазул кумекалдалъун, жидеего бокьун гIуцIун буго цIа свинабиялъул команда. Гьелъул хIакъалъулъ баян гьабуна цIадул надзоралъул инспектор МухIамад ХIамзатовас.

Райбольницаялъул бетIерав тохтурас лъазабуна районалъул медикал хIадурал рукIин хIажаталъуб кумекалъе ине. Кинаб районалъул росулъан кумек гьараниги – ахIаралъуре щвезе рукIинги бицана гьес.

ГО ЧС ЕДДСалъул нухмалъулев З.Рамазановас баян гьабуна цIадул балагьаздаса районалъул жамагIат цIуниялъе гьаризе кколел тадбиразул. Гьезда гъорлъ гьес рехсана, батIи – батIиял данделъабазда, рузман къоялъ какде рачIаразда цIадуда данде рагъ баялъул режим рагIизабун букIиналъул ва кинан цIодорлъи гьабилебали лъазаби.

Данделъиялъул хIасилал гьарулаго, кIвар буссинабуна жамагIатгун къокъаб заманалда цIадул балагьалъул низам цIуниялъе гьаризе кколел тадбиразде. ЦIадуда данде рагъ бай киназулго гIаммаб мурад букIин, халкъалъул бичIчIиялда ва нухмалъулезул рекъонккараб хIалтIиялда бараб букIиналде кIвар къуна ахир гьабулаго ГIабдуразакъ Рамазановас.

ГIайшат НУРМУХIАМАДОВА

■ КЪОКЪГО

# Нухал къачIаялъе байбихьи лъуна

**«Дир Дагъистан-Дир нухал» абураб проекталда рекъон, нилъер районалда исана къачIазе рихьизарун руго Гьолокь, ГIурада ва ХIебда нухлул бутIаби.**

Гьеб проекталда гьоркьор ккезе тIадал тадбиралги тIуран, май моцIалъул ахиралда подрядчикалгун къотIи гьабун буго райадминистрациялъ.

Жакъасеб къоялъ хьил тIезе гьоркь бакI хIадурун, гIатIид гьарун, къачIазе байбихьун руго Гьолокь ва ГIурада нухал. ХIебда хIалтIаби жеги байбихьун гьечIо.

1,4 км халалъи бугеб Гьолокь нухалъе республикаялъул бюджеталдаса биччан буго 3 млн.гьурущ, районалъул бюджеталдаса -990 азарго гъ.

Гьелго сурсатал руго рихьизарун ГIурада къачIалеб бугеб нухалъеги. Амма гьениб нухлул манзил къокъабгогониги (600м.), хIалтIаби дагьал цIикIкIарал руго проекталда рекъон.

Районалъул бетIерасул заместитель Камил МухIамадовасул баяназда рекъон, нухал къачIан лъугIизе ккола август моцIалъул ахиралде.

НИЖЕР МУХБИР



■ ЗИГАРА

**МухIамад Ахкубегов**



**Дагьал къояз цеве 95 сонил ригьалда Аллагьасул къадаралде щвана киназго адабги хIурматги гьабулев лъикIав инсан,вацIцIадав муъминчи,ЗахIматалъул ветеран. Къелдерил жамагIаталъ, гьев лъалелщиназ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьесул хъизан-лъималазда,тIолабго гIагарлъиялда.**

**Аллагьас алжан насиблъайги гьесие**

# Сундулъго тIоцевесев вукIана Ахкубегов

Жакъад гьав чи вукIанилан абизе цIакъ захIмат буго,амма гьес ракьалда тарал лъалкIазухъ балагьун абичIогоги рес гьечIо.Щайгурелъул, тIоцебе гьеб букIина гьесул мунагьал чуриялъе сабаблъунги, кIиабизе- гIун бачIунеб гIелалда лъазе лъикIаб букIина гьесул букIараб захIматаб, къеркьохъанасулаб, ритIухъаб, битIахъе бицани бахIарчияб гIумруги. Амма гьесие бахIарчиясул цIар, я орден-медалал щвечIо.

РакIалдаса унаро Ругъелде щвейгун, борхалъудаса школалдеги балагьун, жиндир мунагьал чураяв Советский райкомпартиялъул I-сев секретарьлъунги хадув Совминалъул ГЭСал разе гъанкъизарулел ракьазул рахъалъ отделалъул нухмалъулевлъун хIалтIулев вукIарав МахIмуд ГьитIиновас абураб: “М.Ахкубеговасе гьаб школалда гьабураб хIалтIуе гIоло Социалияб захIматалъул БахIарчи кьезе бегьилаан”-илан. У, гьединав захIмат хирияв чи вукIана учительлъунги, хадув 25 соналъ школалъул директорлъунги хIалтIарав, МухIамад Ахкубегов. Ункъго класс росулъги лъугIизабун, 1940 соналъ гьев цIализе ана районалдаго цохIо букIараб ТIелекь гьоркьохъеб школалде. 1941 соналъ КIудияб ВатIанияб рагъги байбихьун, гьеб школаги къан росулъе тIадвуссине ккана гьев. Росулъе щвараб нахъисеб къоялъго колхозалъул председателас гьав ахIула КъахIиве, кагъат босун ине кколилан тIадкъазе. Райцентралде щвезегIан лъелго витIулев гьесул рукIинчIо ретIине хьитал. Инарин МухIамадица абидал, гьесде вагъула председатель. Мунила кулакасул васила,вачун эмен аралъуве витIилила. ХIакъикъаталдаги, гьев кколаан кулаклъунги гьавун туснахъалде витIарав инсул вас. Гьезул бечелъиги 50 гIиялъажоги, цо оцги, хIамаги,гIакаги букIана. Гьеб кинабго бахъун, мадугьалихъ бугеб ТIидиб колхозалъе кьун букIана, регизе кровать гIанасеб жо рокъобги букIинчIо. Кин бугониги, жиндирго гIагарав васасул хьиталги ретIун,45 км-ялъ лъелго ана гьев КъахIиве. Советалъул председательги, секретарьги рагъдеги ритIун, гьев тIамуна секретарьлъун. КIиго соналъ гьенивги хIалтIун, ккана гIиял фермаялъул хIисабчилъун . 1948 соналъ гьесие рес щвана Буйнакскиялда рагьараб магIарухъа лъималазул школа-интернаталде цIализе ине. Квен гуреб ретIелги кьолаан гьениб. 7-8 классалда гьенивги цIалун, 9-10 класс КъахIибги лъугIизабун,1952 соналъ гьев цIализе лъугьуна МахIачхъалаялъул учительзабазул институталде. Гьенибги ретIунаан гьас Буйнакскиялдаго кьураб пиджак. Гьеб лъугIигун витIула Ругъелда 7-сонилаб школалде гIурус мацIалъул учительлъун. Дол соназ Ругъелда хIалтIулел рукIана гIемерисел къватIиса учительзаби, директорзабиги кидаго къватIиса рукIана.1964 соналъ гьеб школалъул директорлъун тIамидал, тIубан гьелъул ургъелги жавабчилъиги тIаде бегана Ахкубеговасде .Бегиларебги кинха, январалъ гьес къабул гьабураб школалда букIинчIо цо гIучI бухIизе цIулал. ЦIорораб хасало цадахъ коллективги бачун ине ккана рохьоре. Дагьабниги мадараб 3 классалъе рукъзал рукIана школалъул. ЛъикIаб хIал букIинчIо цохIо къелдерил росабалъа гурелги, Ракьуб, Дагъбаш росабалъаги, гъутабазда ругел гIибоцIухъабазул лъимал хIебтIулеб общежитиялдаги. Кидадай цIалул сон лъугIилаян вукIана директор. ТIоцебесеб соналъ байбихьана биологиялъул ва математикаялъул кабинетазе классал разе.ТIадеги минаби раялъул хIалтIи чIезе течIо директорлъун хIалтIулел тIолалго саназ. Рана кабинетал, лаборатория, учительская, буфет, мастерская, столовая, 200гIан чиясе рега-рахъине рес бугеб кIитIалаяб общежитиялъул кIиго корпус. Гьениб букIаралъулха районалдаго бищун кIудияб интернат. ЗахIмат букIана ралел бакIазе хас гьабун биччараб гIарац гьечIолъиялъ. Гьел ралаан капиталияб ремонталъе биччараб гIарцудаса пайда босун. ГамачI хIадури, цIул къотIи-кинабго гьабулаан коллективалъ гвай гьабун. ХIалае рачунаан чIахIиял классазул лъималги. Бищунго захIматаб букIана кадрабазул суалги. Ругъелда хIалтIизе ритIун рачIарал мугIалимзабиги цокIиго соналъги хIалтIун, нахъе унаан. ГIемерисеб мехалъ цоял нухал хун, цояб АваргIордаса букIараб кьо тIун, интернаталъе нигIматал, хIажатаб къайи-цIа баччизе кколаан чуязгун хIамуз. Мадар ккана колхозалда ракь кьезабиялъ. Гьезухъаго росана гIакалги. Приусадебниял участкабиги хIалтIизаруна, гьениса картошка, хъапустан гIадал нигIматазулги хайир ккана. ХIукуматалъухъа гьесие щвараб гIарац буго- хIухьлаца хинлъулеб система гьабизе районалдаса кьураб 1000гъурущ. Гьелдасаги 500 гъур райисполкомалъ бахъун цойги школалъе кьуна. «Директорасул хIалтIи-гьеб буго гIемерисеб магIишаталда хурхараб хIалтIи. Учитель цохIо лъималазе мисаллъун вукIине кколев ватани, директор мисаллъун вукIине ккола лъималазеги, учительзабазеги, росдаеги»-ян абулаан Ахкубеговас. МухIамадил къадру-къимат букIана коллективалдаги, росулъги.Гьев вукIаралъулха росдал Советалъул хиси гьечIев депутатги, колхозалъул правлениялъул членги. ГIумруялъул 60сониде вахидал, гьев кьун гIарзагун нахъе ана директорлъиялдаса, жеги чанго соналъ хIалтIана учительлъун. МухIамад вукIана унго-унгояв росдал патриот. Мекъи ккеларо лъикIабщиналде тIоцеве гали лъурав чи гьев вукIанилан абуни.ТIоцебе тIадегIанаб лъай босарав чиги гьев вукIана. КъанагIатги чияс ритIуларел рукIарал, жиндирго ясалги шагьаралде лъай босизеги ритIана МухIамадица. Гьесул руго 5 ясги цо васги. Киназулго буго тIадегIанаб яги гьоркьохъеб махщалил лъай ва хIалтIулел руго гIадамазе пайдаял бутIабазда. Ахкубегов вукIана лъикIаб-квешаб данд балев, маслихIат-рекъел гьабулев жамагIатчи, гIолилазул унго-унгояв насихIатчиги. Росулъ бертадул бахIарал кьурдизе рахъиналде, цин гьевги хъизан Муъминатги тIамулаан къелдерил кьурдул свери бахъизе. ГIадада батиларо “ДРялъул мустахIикъав на-сихIатчи”абураб цIар гьесие кьураб. Гьесие цIакъ вокьулароан гьереси бицунев чи.

Росдацаги гIага-божаразги цIакъ тIадегIанаб даражаялда кIодо гьабун букIана гьесул 80 сонилаб юбилей. Гьенир рукIана районалъул нухмалъулелги, цадахъ хIалтIарал районцоялги, церегосел кIудияб хъулухъалде рахарал гьесул рукIарал цIалдохъабиги. Ахкубегов МухIамадил цIар кьуна Ругъелда школа-интерналалъе. Щибаб соналъ,гьев гьавураб 1-себ маялъул къо кIодо гьабун, гьенир тIоритIула Ахкубеговасул призалъе гIоло спорталъул къецал. Гьенир гIахьаллъула росабалъ ва шагьаразда гIумру гьабун ругел къелдерил гIолохъаби.

Гьаниб рехсезе бокьун буго 80 сонилаб юбилеялда гьесул адресалда цоцояз абурал калимаби:

<u>**Суракъат Асиятилов:**</u> *“ГIакълуги, сабруги, аваданлъиги, гIелмуги жиндилъ бессарав, берцинаб гIамалалъул, гIакъилаб каламалъул, эркенаб Къелеб мухъалъул мустахIикъав вас- Ахкубегов МухIамадида ракI-ракIалъ баркула юбилей...”*

<u>**ХIайбула ГIабдулгъапуров:**</u> *“МугIалимзаби гIемерал рукIуна хIалтIулел, гIемераз дарсал кьола, амма унго-унгояв мугIалим цIакъ къанагIат дандчIвала.Унго-унгояв мугIалимас жиндирго лъаялъ, хIалбихьиялъ, рекIел хинлъиялъ инсанасул тIолабго букIинисеб гIумруялъе битIараб нух тIаса бищизе квербакъи гьабула. Гьединав мугIалимлъун дица рикIкIуна ракI-ракIалъ хIурмат гьабулев МухIамад Ахкубегов 1956-1957соназ дие гьес кьуна, абадиялъ кIочонарел гIурус мацIалъул дарсал..»*

**МухIамад МухIамадзагьидов:** *“ХIурматияв МухIамад, дун вохаравги чIухIаравги вуго дуда цадахъ хIалтIизе щвеялдаса. Дуца дида гIемераб лъикIаб малъана, мун школалъул директорлъун, дун ОНОялъул заведующийлъун хIалтIулеб мехалъ. Гьанже, районалъе нухмалъулеб мехалъги мун дие вуго гIумруялъе мисаллъун..»*

<u>**МухIамад ТIайгибов:**</u> *« Кьалбал гьечIеб гъветIги букIунаро, кьучI гьечIеб минаги букIунаро. Ругъелда школалъул гъотIол кьалбалги, кьучIги дуца щула гьабуна. Жакъасеб тIолабго школалъул коллективги дур тарбия щварал руго,дур къебелъухъ куцарал руго. Школалъул чIахIиял рукIа, гIисинал рукIа бергьенлъабиги ва борхалъиги нижеца хIурматалда хурхинабула дур цIаралда.. “.*

Гьанибго лъолеб буго дицаго гьеб юбилеялъул къоялъ Ахкубеговасе сайгъат гьабун хъвараб кечIги

* * *

*ГIумру рарал саназ гуро борцунеб,*
*Борцуна ракьалда тарал лъалкIаца.*
*Лъимерищ,херавищ хал гьабуларо,*
*Халкъалъе пайдаяв ватаралдаса.*
*Татуяб пихъ кьолеб батаралдаса,*
*БатичIо гъотIолги гъалатI цIехолеб.*
*Рорхатал, залимал рукIиналдаса*
*МугIрузулги буго жидерго чIухIи.*
*Дица дур гIумрудул хIисаб гьабидал,*
*Гьал мугIрузул цояв вугин тола мун,*
*Таманал цIорояз, роол бухIияз*
*РухIго гьечIониги речIаларо гьел.*
*Я тIагIамаб пихъил гъветIилан тола,*
*Пихъ гIадаб гьуинаб гIелму малъарав.*
*ГIун бачIунеб гIелалъ кIал чIван гьекъолеб*
*ГьацIул тIагIамалъул бутIа буго дур.*
*ГьитIинго гIелму-лъай гьуинлъарав мун*
*ГIагараб росдае мисаллъун чIана.*
*ТIоцебе институт лъугIаравги мун,*
*Лъай-гIелму босизе росу ахIарав.*
*Дур хIаракаталъул хIалтIул бицунеб*
*ХIажалъи бугоан хасаб тIехь хъвазе,*
*Дур тIолго къуват-жан жинде буссараб*
*Росдал школалъги босана дур цIар.*
*БикъичIо, хъамичIо, хъалаби рачIо,*
*ХъахIаб кагъатгIанги вацIцIадго чIана.*
*ТIокIкIараб ицц гIадаб тIолго гIумруялъ*
*ГIадан пашманлъулеб щибго гьабичIо.*
*ГьитIиназе эмен,кIудиязе вац,*
*КIвечIо мукIурлъизе дуда саназе,*
*РитIухъал къасдазул къамартIав инсан*
*Мун гIадиназдаса чIухIула гIалам.*

С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ



■ САХЛЪИ ЦIУНИЯЛЪУЛ ХЪАРАВУЛЛЪУДА

# Намусалда хIур хъвазе течIого

**Дагъбаш ккола районалъул бищун рикIкIада бугеб росу. Хехал цIадал раниги, цIорой кканиги, ризго къала машинаялъе нух. ЛъебергогIан соналъ цебе, жеги шагьранухцин гьечIеб мехалъ, вертолетаз токалъул хIубалги рехун, бачана гьенибе ток. Амма гIи-боцIи хьихьизеги, магIишат гьабизеги гьеб буго цIакъ санагIатаб бакI. 1944 соналъ Чачаналде гочинарун, хадуб 1957 соналъ нахъойги гьениса нахъе рахъун гIемераб гIакъуба бихьана дагъбашдерида. Цоял магIарухъе тIад руссана, цоял гьезие бихьизабураб Нечаевкаялда чIана.**



МагIарухъ цIидасан гIуцIараб росдае 50 соналъ медицинаялъул хъулухъ гьабулеб буго Дагъбаш ФАПалъул фельдшер МухIамадов Гъазилас. 20 сон барав, гьанжего гьанже Буйнакскиялъул медучилище лъугIарав гIолохъанчиясе расги бигьа букIинчIо я ток гуреб, я автомашинаялъе нух гуреб, цин хIалтIун, цин хун букIунеб телефоналъул бухьенги бугеб росулъ хIалтIизе. Нагагь, захIматго чи унтани, гьев больницаялде щвезавизе ккolaан носилкаялда лъун, гIолохъабаз восун. ЦIакъго рес къотIараб мехалъ кумек щолаан санавиациялдаса. Районалде бухьен гьечIого хутIараб мехалъ, унтарасул кинабго жавабчилъи тIаде ккolaан Гъазиласде. ХIалтIул кIудияб хIалбихьиги букIинчIелъул, кинабго лъутIа-къотIизе ккolaан гьалатI ккolaредухъ, тIадчIун цIализе ккolaан медицинаялъул литература, бухьен бугони данд балаан районалъул специалистазда. Абизе ккеларо, унтаразда аскIоб кIвахI тун, макьу тун рогьарал сардазулги, къаси-къад батIалъи гьечIого, гьабураб кумекалъулги. Гьеб тIадаб иш бугиланги тезе бегьила, тIокIаб лъицаха унтарасе кумек гьабилеб? Гьединаб жавабчилъигун, ракI-ракIалъ тIаса бищараб хъулухъги бугони, намусалда хIур хъвазе тезе бегьилищ? ТечIо Гъазиласги жив сабаблъун унтаразе кинабгIаги къварилъи-захIмалъи ккезе. ЦохIо хехаб кумек гуребги, гIемераб жавабчилъи букIуна фельдешарасда. ЛъагIел базегIанги, хадубги лъималазухъе щибаб анкьалъ щвей, гьезие профпрививкаби гьари, къинал руччабазулгун хIалтIи, гьел лъимер гьабизе больницаялде ритIизе мукIур гьари, санитарияб хIалтIи ва гь.ц.

Жакъа 70 сонил болъо бахараб мехалъ, араб гIумруялъухъги гьабураб хIалтIухъги балагьун, Гъазиласул чIухIизе рес буго. БукIинаребги кинха, ахираб 30 соналъ росулъ ккун гьечIо лъимер яги лъимаде йигей чIужугIадан хвей, лъимал гьарун руго киналго больницабазда, тIуран руго киналго цогидал рихьизарурал хIалтIабиги. Бищунго аслияб жо, росдал жамагIат цIакъ рази руго Гъазиласдаса. Гьанжени хIалтIиго алжан бугилан абула гьес. Росулъе машинаби хьвадула, ахIани хехаб кумекалъул машинагун росулъе тохтурзаби рачIуна, щибаб моцIалъ Ругъелда участковияб больницаялъул тохтурзаби щола, телефоналъул бухьен буго. Араб соналъ рагьана росулъ акушеркаялъул штатги. Кинабго руччабазда аскIоб гьабулеб хIалтIи гьелъ тIаса босана.

Улкаялдаго пандемия тIибитIараб заманалда я коронавирус, я гриппалда релълъарал унтаби росулъе къазе биччачIого, намус бацIцIадго тIубана гьес жиндирго хъулухъ. Щибаб къоялъ росулъ бугеб ахIвал-хIалалъул хъаравуллъуда чIун вукIана Гъазилав. Нухалги къан, батIиял чиги риччачIо, цониги унтарав тIатинчIо Дагъбаш гьеб заманалъ. Кинабго рахъалъ кумекалъе бегавул ГIумархIажилги кIудияб бутIа буго.

ЦРБялъул бетIерав тохтур Ибрагьим Халиловасги лъикIаб къимат кьуна гьесул хIалтIуе: “Гъазилав ккола бищун рикIкIада бугеб медпункталъул заведующий. Чанго моцIалъ цеве дунгоги щвана гьенивe. Медпункталъул хIалтIи гьес лъикI гIуцIун бугоан, рази руго гьесдаса росдал нухмалъулелги, жамагIатги. ЦохIо исана коронавирус росулъе гьукъиялъ баркала кьезе бегьила гьесие. ГIумруялъул 70 сон тIубай ва 50соналъ росдае хъулухъ гьабуралъухъ,нижецаги кIодо гьавила Гъазилав. Гьев гьелъие мустахIикъавги вуго».

Гъ. МухIамадов ккола хиси гьечIев росдал депутатги, гьес чанго соналъ тIубана Дагъбаш гъорлъе унеб “Советский лесхозалъул” парткомасул секретарасул хъулухъги, руго гIемерал шапакъаталги. Бищун аслияб жо буго гьев инсанасул хIажалъиги къварилъиги бичIчIулев росдал патриот вукIин. Ишалъулаб кумек гьабула росдал хIажалъабазе кьолеб тадбиразулъги. Гьев гIадиназда росабалъ хIалтIулел фельдшеразда абула “росдал профессорилан”.

**С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**

■ ОБЪЯВЛЕНИЕ




Главврач Шамильской ЦРБ Ибрагим Халилов приглашает на работу в районную больницу студентов 5-6 курсов, а также ординаторов по специалистам:

**УЗИ врач**
**Врач инфекционист**
**Хирург**
**Терапевт**
**Терапевт в участковые больницы в села Андых и Телетль**
**Онколог**
**Реаниматолог**
**Фтизиатр.**

Помимо этого студенты старших курсов, которые будут работать в Шамильской ЦРБ после окончания ВУЗа, могут получить целевое направление на поступление в ординатуру в Дагестане.

Идет поддержка молодых медицинских кадров по программе «Земский доктор».

Немало студентов после окончания возвращаются в родные края.

Это хорошая возможность быть полезным и нужным для своего народа.

Если Вас заинтересовала такая возможность или у Вас есть какие-то вопросы, обращайтесь по номеру:

**+7 (929) 881-29-73 (Хадижат)**


ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОРАЛЪУЛ ИШАЛ ТIУРАЛЕЙ
**П.Ш. МухIамадова**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
**ГI. НурмухIамадова**

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
**Д.Давудов**
**П.Ибрагьимова**

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
**П. ГьитIинова,**
**М. Гъазалиев,**
**Ш. Абакаров,**
**М. ГъазимухIамадов.**

**НАБОР**
**М. ГьитIиномухIамадовалъул**

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
**Марьям ГIисаевалъул**

**Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация**

**Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»**

**БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “ЦIияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гъоркь.**

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда**

**Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ГУП РГЖТ” типографиялда; Петр-I къватI, 61**
**Тираж - 1000**
**Индекс 51368**

**Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления. Регистр.ПИ№10-4593.**

**Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00**
**ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00**

**Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде-кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталъ къимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес:**
gazeta.yedinstvo@mail.ru

**Издателасул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу Имам Шамилил къватI № 50**